



Pou Piblikasyon Imedya: 05/02/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO: MEN KISA NOUYOKÈ YO FÈ -- NOU KA CHANJE ÈN AN LANMOU

Yon pasaje ki sou yon Tren B nan direksyon Nò a te obsève sa pa gen lontan, yon svastika (yon senbòl) ki make an vè nan mite yon drapo Etazini ki kole nan machin youn nan machin touris yo. Yo te ankadre svastika a apre sa ak yon fet nwa epi chanje l ak lèt “L-O-V-E” (L-A-N-M-O-U). Akoz nati grafiti a, yo te konsidere ensidan sa kòm yon posib prejije pa nati e yo te mennen investigasyon sou li nan kad sa.

Gouvènè Cuomo te deklare: “Se sa Nouyokè yo fè – nou chanje èn an lanmou. Sa se mesaj nou pou peyi a ak mond lan. E nou p ap tounen. Pa kounye a, e jamè.”

Gade foto yo [isit la](#), ak kòmantè Gouvènè Cuomo sou twitter [isit la](#).

Pwomès New York (New York Promise): Konbat Krim Lahèn epi Ankouraje Tolerans

Nan kad Pwogram Pwomès New York 2017 la, Gouvènè a ap lanse yon Inite Operasyonèl kont Lahèn (Hate Crimes Task Force) atravè tout eta a ki gen lòd pou envestige epi prevni ensidan patipri ak diskriminasyon yo.

Inite Operasyonèl la gen ladan l manm ki nan Lapolis Eta New York la (New York State Police) ak Divizyon Dwa Imen Eta New York la yo (New York State Division of Human Rights), ki pral envestige krim lahèn yo epi mennen aktivite sansibilizasyon nan kominote a pou edike Nouyòkè yo sou dwa yo. Anplis de sa a, Gouvènè a te anonse fòmasyon yon Konsèy Konsiltatif Entèrelijye (Interfaith Advisory Council), Kadinal Dolan ap dirije, pou ede atenn yon nivo konpreyansyon ak tolerans ki pi apwofondi sou relijyon ak kilti, pwomouvwa espri ouvè ak enklizivite, epi ranfòse efò eta ap fè pou pwoteje tout Nouyòkè.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418